



Dekouvri youn nan pwogram asistans finansyè ki pi jenere nan peyi a, ki baze sou bezwen...isit la menm nan New Jersey!

Bousdetid TAG yo se pou etidyan premye sik ki enskri ap lentan nan yon pwogram diplòm oswa sètifika apwouve nan yon enstitisyon edikasyon siperyè New Jersey ki kalifye. TAG a tan pasyèl disponib tou pou etidyan k ap pran 6-11 kredi nan yon etablisman ansèyman siperyè nan konte New Jersey.

Montan nenpòt bousdetid TAG ap varye selon faktè tankou bezwen finansyè chak moun ak tip enstitisyon kote etidyan an enskri an. TAG la aplike sèlman pou frè ekolaj.

ÈSKE W TE KONNEN?

Èd Finansyè pou Frè Ekolaj (Tuition Aid Grant, TAG) sipòte prèske yon tyè nan tout rezidan New Jersey ki enskri ap lentan nan yon pwogram premye sik nan eta nou an.

Kòman Pou Mwen Aplike?

Pou yo konsidere w pou TAG, w ap jis bezwen ranpli yon aplikasyon pou asistans finansyè – swa Aplikasyon Gratis pou Asistans Federal pou Etidyan (Free Application for Federal Student Aid, FAFSA), oswa NJ Alternative Financial Aid Application (si w kalifye kòm yon NJ Dreamer). Asire w ou ranpli epi soumèt aplikasyon w lan anvan dat limit Eta a.

Sonje, ou pral bezwen ranpli yon aplikasyon pou asistans finansyè chak ane akademik pou renouvle bousdetid ou a, epi dwe kontinye satisfè tout kondisyon kalifikasyon yo.

Pou enfòmasyon sou fason pou jwenn aksè nan aplikasyon w lan epi pou w konnen dat limit pou asistans finansyè New Jersey, vizite hesaa.org/Pages/financialaidhub.aspx.

Montan maksimòm TAG yo varye soti nan yon ane pou ale nan yon lòt. Pou w ka gen yon lide sou kantite maksimòm TAG ki disponib nan chak tip enstitisyon, konsilte kantite maksimòm bousdetid TAG pou Ane Akademik 2025-2026 lan.

Etablisman Ansèyman Siperyè Konte yo	Kantite Maksimòm Bousdetid TAG pou Ane Akademik 2025-2026	Kantite Maksimòm Bousdetid TAG a tan Pasyèl pou Ane Akademik 2025-2026
Etablisman Ansèyman Siperyè ak Inivèsite Eta yo	\$3,098	-
Inivèsite Rechèch Piblik yo	\$9,496	-
Etablisman Ansèyman Siperyè ak Inivèsite Endepandan	\$10,964	-
Semès 1/2 Tan (6-8 kredi)	\$14,404	-
Semès 3/4 Tan (9-11 kredi)	-	\$774
		\$1,161

Kritè kalifikasyon yo gen ladan sa ki vini annaprè yo. Etidyan yo dwe:

- Gen yon diplòm lekòl segondè oswa yon ekivalan ki rekonèt;
- Demontre yon bezwen finansyè;
- Se sitwayen, moun ki pa sitwayen ki kalifye, oswa kalifye pou depoze Aplikasyon pou Èd Finansyè Altènatif New Jersey (NJ Alternative Financial Aid Application);
- Se rezidan New Jersey pandan omwen 12 mwa konsekitif imedyatman anvan enskripsyon an;
- Kenbe yon pwogrè akademik satisfèzan; epi
- Enskri nan yon pwogram apwouve nan yon enstitisyon apwouve.

ESKANE MWEN



pou aprann plis sou TAG, tankou lis konplè kondisyon kalifikasyon ak enstitisyon edikasyon siperyè apwouve

